Ассаламу гIалайкум!

ГЪУДУЛЛЪИ

№-19-20
(9764-9765)

2016 соналъул
8 апрель

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ НУХМАЛЪУЛЕСУЛ ДРялъул БЕТIЕР Р. ГIАБДУЛАТIИПОВАСУЛГУН БУКIАРАБ ХIАЛТIУЛАБ ДАНДЧIВАЯЛДАСА

Болъихъ районалъул бетIер М. ПатхIулаевас гьеб дандчIваялда рехсана цересел соназда районалда хIалтIулеб букIанин 1800 хIалтIул бакIгун завод. ЛъикIаблъун бихьула,-ян абуна гьес, гьелъул бакIалда 300 чиясе хIалтIул бакI бугеб, импортозамещаниялъул программа гIумруялде бахъинабиялъе, кинаб бугониги производствоялъулаб предприятие рагьани. Гьеб предложение къабул гьабурав Дагъистаналъул БетIерас гьелда бан хасаб тIадкъай кьуна ДРялъул промышленносталъулгун бича-хисиялъулаб министерствоялъе.

Республикаялъул БетIерасе баян кьуна «Обеление экономики» абураб приоритетнияб проект гIумруялде бахъинабиялъе гьабулеб хIалтIул хIасилалда кIиго нухалъ цIикIкIинарун рукIин районалъул жиндирго доходал ва жакъа гьелъул къадар 104 миллионалде бахун букIин.

М. ПатхIулаевасул рагIабазда рекъон, гьединаб хIасил ккезе квербакъана ракьазулал участкабаздегун капиталияб строительствоялде кIвар кьеялъ. ГIицIго 2016 соналъул тIоцебесеб кварталалда тIатинабуна неформалияб хIалтIул 454 объект.

БакIалъулав нухмалъулес бицунхъе, 2011 соналда районалъул валовая (гIаммаб) продукциялъул къадар букIана 11 миллиардгун 100 миллион гъурущ, жакъа-2 млрд 940 миллион гъурущ. Гьединаб хIасил кьуна ракьазул ругел сурсатал тIадегIанаб пайда кьоледухъ хIалтIизариялъ: 5 азарго гектар бекьулеб ракьул ва 1300 гектар ахазул. Жеги пайда босичIого хутIун буго 250 гектар ракь лъарагIлъиялда ва 200 гектар-магIарухъ. ЛъарагIлъиялда ругел гьел ракьал руго цIамхIалал, гьединлъидал хIукму ккана гьениб пиринчIги хьан гьел ракьал лъикIлъизаризе,-ян мухIкан гьабуна М. ПатхIулаевас.

Гьединго «Эффективный АПК» абураб приоритетнияб проекталда рекъон 2 гектаралда гьарун руго теплицаби. ГIицIго араб 2015 соналда гьенир гIезаруна помидоразул 253 тонна, рагьана гIиял гьан хIалтIизабулеб цIияб цех.

Гьениб сордо-къоялда 500 гIиялъажоялъул гьан хIалтIизабизе кIола.

Ахир 2 гьум.

ГЪОДОБЕРИБ ОЦБАЙ

Араб гьатIан къоялъ, ай 2 апрелалъ Гъодобери росулъ тIобитIана ихдалилаб байрам-оц бай. Росдал жамагIаталъ, гIисиналги чIахIиялги росуцояз гуребги гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул росабалъа ва мадугьалихъ районаздаса гьалбадерица ва гьединго райадминистрациялъул вакил, хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ районалъул бетIерасул заместитель ГIабдулдибир ГIабдулдибировас, районалъул имамзабазул советалъул председателасул заместитель ХIусен Расуловас.

Тадбир рагьана Гъодобери муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ГIубайдула МухIамадовас.

-ХIурматиял росуцоял ва тIаде рачIарал гьалбал!

Росдал администрациялъул ва гьединго интеллигенциялъул рахъалъан ракI-ракIалъ баркула нужеда гьаб ихдалил байрам. Цебе лъикIаб гIадатлъун букIараб гьаб ихдалил байрам, киса кирго ругел росуцоялги ракIарун ва сверухъ росабазул жамагIаталги, гьединго цогидал районаздаса гьудул-гьалмагъзабиги гIахьал гьарун тIобитIулеб букIараб байрам, гьал ахирал соназ гьоркьосан тIагIун хутIана. ГIисинал лъималазеги ва чIахIиял гIадамазеги гIураб асар щолаан гьенир тIоритIулел батIи-батIиял хIаяздасангун цере рахъияздасан, щулалъулаан гъудуллъи ва гьалмагъли, цIикIкIулаан адабгун хIурмат.

Нилъеда жегиги кIочон гьечIо росдал байрамал рорхун, оцбай гьабурал, садакъа-хайрат бикьарал росуцоязул цIарал: ГIайшат (Аминтазал хъизан), Маккашарипова Написат, ГIали (ХIавалъи), МахIама Шейхулисламов, Калимат ХIабибова, РахIматула Набиев, Къурбан Шагьрумуслимов ва байрамазе квербакъи гьабурал АхIмаднаби Шайхулисламов Зугьра Къурбанова, ГIабдулжапар ва Калимат . КIочене гьечIо росулъ гьарулел хIалтIабазулъ жигарчилъи бихьизабурал росуцоязул цIаралги гьаб байрам гьоркьобккун аза-азар баркала загьир гьабула гьезиеги.

Гьал ахирал соназда лъикIлъун буго росулъ бугеб ахIвал-хIалги, гIадлу-низамги, гьелдаго цадахъ жакъа хIукуматалъ гIезегIан бигьалъаби гьарун руго гIадамазул рукIа-рахъиналъеги: чIезабун буго лъим, хIалтIулеб буго росдал канализация, бачун буго газ, къачIан руго машинаялъул нухал, лъикIлъун руго токалъул хIалтIабиги, росулъ километраялдасан цIикIкIараб манзилалъ тIун буго хъил, хIалтIулеб буго лъималазул ясли-ах, цIияб базе бихьизабун буго 500 лъимер цIалулеб школаги.

Хадуб гьес кIалъазе рагIи кьуна ГIабдулдибир ГIабдулдибировасе. Данделъарал киназего саламги кьун, гьес районалъул бетIерасул, районалъул собраниялъул депутатазул ва жиндирго рахъалдаса байрамги баркун, киназего гьарана щулияб сахлъи, даимаб рохел ва талихI. КIудияб баркала загьир гьабуна байрамалъе хIаракатчилъи, кумек-квербакъи гьабурал киназего.

Хадуб ГIабдулдибир ГIабдулдибировас къокъго бицана Гъодобери росдал тарихалъул, хасго КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъарал, гьенир шагьидлъаралги бергьенлъигун тIад руссаралги росуцоязул, гьезие щварал шапакъатазулги гьеб рагъда рахъарал офицерзабазулги. Гъодоберисез ВатIан бокьи бихьизабунин абуна гьес 1999 соналъул августалда ккарал лъугьа-бахъиназулъги. ГIагараб ракьги ВатIаналъул цолъиги цIунун гьел лъугьа-бахъиназулъ бахIарчияб хвел босана анкьго гъодоберисес, гьенир шагьидлъарал вацал Муъминовазул цIар кьуна росдал школалъе-янги абуна гьес.

Гьединго ГIабдулдибир ГIабдулдибировас къокъабго баян кьуна жакъа Россиялда ва дунялалда бугеб политикиябгун экономикияб ахIвал-хIалалъул рахъалъ. ГIатIидаб къимат кьуна терроризмалъул ва экстремизмалъул идеологиялъе. Гьезул къорикье ккеялдасан цIунизе кколилан абуна гьес, хасго гIун бачIунеб гIел.

Жиндирго кIалъаялъул ахиралда ГIабдулдибирица киналго ахIана цолъиялде, цIалулъги, спорталъулъги, тарих цIуниялъулъги, хIалтIулъги гIагараб ракь цебетIезабиялде…

Гьесда хадур кIалъазе рахъарал ХIусен Расуловас, Инхело росдал имам МухIамад КъурамухIамадовас, гIалимчи ХIасан МухIамадовас аслияб кIвар кьуна гIун бачIунеб гIелалъе рухIияб тарбия кьезе ккеялде, терроризмалъул идеология заралияб ва балагьазде рачунеб букIиналде.

КIалъаял лъугIун хадуб байбихьана байрамалъул программаялде; тIоцебесеб иргаялда, гIадаталда рекъон, хьонги хьан, дугIа-алхIамги гьабун, векьа-рухъан Нурадинов ГIалица оцалги ран чанго рахъ бахъана.

Лъималаз чIинхал, ролъ, конфетал ралел рукIана гьесде тIаде, сон бачIин гьарзаяб букIинелъун.

Гьелдаса хадуб тIоритIана эркенаб гугариялъул, волейболалъул, рекериялъул, чIор речIчIиялъул, канат цIаялъул, гиря борхиялъул ва гьеб рехиялъул рахъалъ спортивиял къецал. Бергьаразе щвана гIарцулал призал ва гор хIисабалда режарал чадал.

Гъодобери росдал жамагIаталъул нигат буго оцбай сонайилго гьабизе.

Ж. АХIМАДУДИНОВА,
пресс-секретарь.

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ НУХМАЛЪУЛЕСУЛ ДРялъул БЕТIЕР Р. ГIАБДУЛАТIИПОВАСУЛГУН БУКIАРАБ ХIАЛТIУЛАБ ДАНДЧIВАЯЛДАСА

Раюдин Юсуповас бихьизабуна, мугIрузулаб зонаялъул исполнительнияб властаЛъул хIалтIул пайдаялъул рахъалъ хIасилал гьаридал Болъихъ район цебесеб кьерда бугин. Районалъул бетIерин абуни вуго хIаракатав магIишатчи. Налогал ракIариялъул план 102,2 проценталъ тIубазабуна. Жакъа къоялде ракьул актуализациялъул план тIубазабун буго 40 проценталъ. Аслиял хIалтIабазул планал цIикIкIун тIуразарун рукIиналъ районалъе бихьизабун буго цойги тIаде цIияб лъел мухъ бачиналъе 6 миллионалде гIагарун гъурущ,-ян абуна ДРялъул председателасул заместителас.

Жиндирго рахъалдасан вице-премьер Билал ГIумаровас бихьизабуна Болъихъ районалъул бетIерас жинцаго курирование гьабулеб бугин районалъул агропромышленнияб комплексалъе ва гьабулебги бугин бергьенлъиялда. Рекьулел ракьал хIалтIизарулел руго 100 проценталъ, хьан руго 1500 гектаралда хасалилал культураби. ГьабсагIаталда унеб буго 2000 гектаралда ихдалилал культураби хьаялъул хIалтIи.

Рамазан ГIабдулатIиповас цойги нухалъ ракIалде щвезабуна бакIалъулаб администрациялъул структураялъулъ АПКялъул бажари бугеб отдел букIине кколеблъи ва гьенир хIалтIизе кколеллъи цебетIураб хIалбихьи лъазабизе ва гьеб хIалтIулъ билълъанхъизабизе ва экспертнияб къимат кьезе бажарулел нухмалъулел.

Гьединаб хIалтIи, жинда божизабун бугеб территориялда унеб бугилан абуна М. ПатхIулаевас. Амма гьелдаго цадахъ, гьес Республикаялъул БетIерасда гьарана 2011 соналда байбихьараб райцентралде бачIунеб лъел мухъ лъугIинабиялъе кумек гьабеян. Гьединго абуна гьеб лъел мухъалда очистительнияб сооружение баялъул суалги захIматаблъун лъугьун бугилан. Дагъистаналъул БетIерас рагIи кьуна гьел захIмалъабазул хал гьабизе бугин.

Справка хIисабалда, бихьизабулеб буго Болъихъ районалда хIалтIулел ругин Болъихъ консервазул завод, Болъихъ ТСЭВМ завод ва халкъиял промыслаби. ТIоцересел баяназда рекъон 2015 соналда гьез къватIибе биччараб продукциялъул багьа бахун буго 91,3 млн гъурщиде.

МагIишаталъул аслияб бутIалъун ккола гIи-боцIухъанлъи ва хурухъанлъи Росдал магIишаталъул продуктаби гIезариялда хIалтIулеб буго росдал магIишаталъул 107 предприятие, 305 КФХ ва 13826 хасал магIишатал.

2015 соналда 50 гектаралда лъун руго цIиял ахал (бихьизабун букIаралъул 100 процент).

ТIоцересел баяназда рекъон, 2015 соналда гIезарурал росдал магIишаталъул киналго категориязул продуктабазул къадар 2959,0 миллион гъурщиде бахана (гьелдасан гIи-боцIул-65,4 процент, хурухъанлъиялъул-34,6 процент). Инвестициялъул, финансированиялъул киналго иццал цебеккунисел баяназда рекъон ращалъулел руго 297,8 миллион гъурщида.

Болъихъ районалда хIалтIулеб буго дагьаб ва гьоркьохъеб предпринимательствоялъул 1052 субъект. Гьездасан 334 гIисинал предпринимателал.718 индивидуалиял предпринимателал 2015 соналда гьезул продукция бахана 387,0 миллион гъурщиде. Гьеб ккола 2014 соналда букIаралдасан 7,4 проценталъ цIикIкIун.

ДандчIваялда гIахьаллъана ДРялъул Правительствоялъул вице-премьерал Раудин Юсупов ва Билал ГIумаров, ДРялъул БетIерасул магIарухъ вугев полномоченнияв вакил Абулмуслим Абдулмуслимов, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутатал ГьитIинмухIамад ХIажимухIамадов ва АхIмад Ибрагьимов ва цогидалги официалиял хIалтIухъаби.

17 АПРЕЛЬ-ВЕТЕРАНАЗУЛ КЪО

2010 соналъул 12 августалъ Россиялъул МВДялъ ва гьебго соналъул октябралъ Дагъистаналъул МВДялъ рахъарал буюрухъаздалъун 17 апрель рагIинабун буго жанисел ишазул органазул Ветеранасул Къолъун. Ветераназул организациялъе нухмалъи гьабулеб буго анкьго чияс. Цо председатель ва анлъго советалъул гIахьалчи.

Жакъа къоялда гьезул сияхIалде росун руго 197 пенсионер. Гьезда гьоркьоса ветеранал-71, инвалидал-66, эмен камурал-60.

Рагъул лъугьа-бахъиназул ветеранал-110. Гьезда гьоркьоса КIудияб ВатIанияб рагъул ветеранал-лъабго. М. Жаватханов, Г. ШагIбанов, З. Маргимов ва афгъанистаналъул ветеранал-лъабго. А. ПатахIов, У. Таймасханов, Г. МухIамаев. Отделалъул нухмалъулесул буюрухъалда рекъон, тасдикъ гьабун буго комиссия, балугълъиялде рахинчIел лъималазул такъсирчилъи тIагIинабиялъул ва такъсириял ишал рагьиялъул рахъалъ ветераназул хIалбихьиялдаса пайда босизе ва жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъабазе тарбия кьеялъулаб хIалтIи гьабизе.

Гьединан УУПалъул ва ПДНалъул учеталда ругел анкьго балугълъуде рахинчIел лъимал ва лъабго отделалъул гIолохъанав хIалтIухъан тIадкъан руго хIалбихьи бугел ветераназда.

Ветераназул хIалтIи унеб буго отделалъул нухмалъулез тасдикъ гьабураб бащдаб лъагIалил планалда рекъон. КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 70 сон тIубаялъул хIурматалда Дагъистаналда тIобитIараб конкурсалда нилъер районалъул ветераназул идараялъ босана лъабабилеб бакI ва мустахIикълъана къиматал шапакъатазе. ЛъикIаб хIалтIухъ ва жавабчилъиялъухъ гьезие бачIана Россиялъул ОВДялъул ветераназул Советалъул председатель И. Ф. Шиловасул баркалаялъул кагъат. Россиялъул ветераназул Советалъул Президиумалъул хIукмуялда рекъон, «За активную работу по патриотическому воспитанию» медалалъе мустахIикълъана лъабго ветеран, ХIурматалъул грамотаялъе-кIиго ветеран, гъежда балеб сагIаталъе-лъабго ветеран, Дагъистаналъул БетIерасул рахъалъан сагIаталъе-лъабго ветеран, районалъул БетIерасул рахъалъан сагIаталъе-лъабго ветеран.

Ветераназ жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъабигун цадахъ лъугьун гIуцIула накълулъарал милициялъул хIалтIухъабазул хъизаназулгун дандчIваял. СияхIалде росун руго 20 шагьидлъаразул ва лъабго хваразул хъизамал.

Районалъул администрациялъул ва отделалъул ресазухъ балагьун гьабула гьезие материалияб кумек.

Гьединан, араб соналъ гьел хъизамазе гьабуна 132500 гъурщил къадаралда кумек. 2015 соналъ пенсиялде арал ветераназе кьурал телевизорал 166 000 гъурщил къадаралда чIана.

Болъихъ бугеб МВДялъул отделалъул нухмалъулез ва ветераназул Советалъ ракI-ракIалъ баркулеб буго ветераназда гьезул байрамкъо. Гьарулеб буго щулияб сахлъиги халатаб гIумруги.

Ветераназул Советалъул председатель М. Г. МухIамадов.

«ВОСПИТАТЕЛЬ ГОДА-2016» АБУРАБ КОНКУРС ТIОБИТIАНА

Дагьал церегIан къояз Болъихъ тIобитIана яслиахазул тарбиячагIазда гьоркьоб «Воспитатель года-2016» абураб конкурс.

Конкурсалъул масъала букIана лъикIав тарбиячи тIатинави ва махщел цIикIкIарал тарбиячагIазе квербакъи гьаби, гьединго гьеб хIалтIул тIокIлъи борхизаби.

Конкурс рагьилелде «Чебурашка» яслиахалъул гьитIичаз бихьизабуна гьитIинабго концерталъулаб программа. Конкурс рагьулаго Лъай кьеялъул Управлениялъул начальник ХIажигIиса ИзмагIиловас абуна:

-Школалде иналде лъай кьеялде кьолеб кIвар жакъа кIудияб буго. Гьединлъидал цIикIкIунел руго садиказул тарбиячагIаздехун ругел тIалабалги. Садиказда хIалтIизе ккола гIорхъолъа ун жидерго хIалтIи бокьулел гIадамал, щай гурелъул гьезда божизарун руго бищунго хирияб хазина- лъимал»-ян.

Жюриялъул гIахьалчагIи рукIана Лъай кьеялъул Управлениялъул ведущий специалист МухIамад ГIазаев, специалистал-Раисат Набиева ва ПатIимат Шапиева.

Конкурсалъулъ гIахьаллъи гьабуна микьго тарбиячIужуялъ. Гьез бицине кколаан жидерго хIалтIудехун бугеб бербалагьиялъул, сунца хIалтIи цебехун бачине квербакъи гьабулебали, ХIадуризе кколаан профессионалияб, «Моя профессия-воспитатель» абураб досье. Кинабго букIине кколаан видеороликгун ва макъалаялдалъун тасдикъ гьабун.

«Мастер-класс» абураб къецалъулъ гьабуна рагьараб дарс. Жюриялъ къимат кьуна тарбиячагIазул лъималазулгун бугеб бухьеналъе, лъималазул сверухълъи лъазе гъира цIикIкIинабизе бугеб махщалие.

Конкурсалъул хIасилал гьарулаго щибаб этапалъулъ ракIчIарал галаби росулаго «Воспитатель года-2016» цIаралъе мустахIикълъана АнсалтIа росулъа «Аист» садикалъул тарбиячIужу МухIамадова Диана.

Ж. АХIМАДУДИНОВА, пресс-секретарь

ХIАЛТIИ ГЬАБИЗЕ ККОЛА РАКIБАЦIЦIАДГО

Дагьал церегIан къоязда дун дандчIвана ЖКХялъул отделалъул начальник Г I а б д у л м а ж и д Мутаевгун ва цо чанго суал кьуна гьесие.

Щиб жо кколеб ЖКХ ва кинал хIалтIаби гьелъ гьаризеги тIуразаризеги кколел?

Цебе ЖКХялда абулеб букIана ОКХйилан. ЖКХялъ хъулухъ гьабула районалъул гIадамал лъедалъун, нухаздалъун ва цогидалдалъун хьезариялъе.

Районалъул гIадамал гьекъолеб лъедалъун хьезариялъул рахъ кин бугеб?

ГIадамазе бищунго хIажатаб буго бацIцIадаб гьекъолеб лъим букIин. Масала, цебе гьеб рахъ гIей гьечIеблъун букIун батани ва лъим цо графикалда кьолеб букIун батани, гьанжейин абуни гьекъолеб лъим гьарзаго чIезабун буго.

Гьарзаго лъим чIезабун бугилан абун жидерго хIажалъи тIубадалги крантал рахачIого теялда щибилан дуца абулеб?

ЦIакъ битIараб суал кьуна дуца. Нижеца гIуцIун буго лъеда хадуб хал кколеб хасаб комиссия. Риччан кранталги тун, гIадада лъим пасат гьабулезда тIад лъезе буго гIакIа. Гьаб гIагараб заманалда нижеда ракIалда буго счетчиказул системаялде рачIине.

Г ь и к ъ и ч I о г о, жидеего бокьухъе б о к ь а - б о к ь а р а б бакIалде лъим бачизе рес бугищ?

ГьечIо. Лъим бачизе ккани, букIине ккола чIван нижер печатьгун кьураб кагъат. (разрешение). Щайилан абуни, бокьа-бокьарас нусго бакIалде лъимги бачун, мадугьал хутIулев вуго лъим гьечIого. Бокьараб бакIалда унел трубабаздаса гьикъичIого лъим бачунеб бугони, гьари буго нижеда лъазабеян.

Гьедин кьварараб закон гьабиялъе гIилла щиб?

Г ь и к ъ и ч I о г о бокьухъе бачараб лъималъ гIадамазул мина биххиялдегицин хIинкъи буго. Лъим бачине ккола, букIине кколедухъ, босун р а з р е ш е н и е г у н винтелалги лъун, аскIов вугев мадугьаласе зарал кколаредухъ.

ГIадамазул гIемер гIарзал рукIунел руго чорокал трубабаздаса чвахулеб лъималъ унтаби ккезариялде хIинкъи бугилан.

АнсалтIа водопровод бугеб бакIалда унеб буго реконструкция гьаби «Хандассу» абулеб бакIалда. 7 соналъ рацIцIинчIого бассейнал руго, планалда буго гьел рацIцIинеги. Лъим бугеб бакIалда гIадамаз мусор балеб буго. Лъалаго берда бихьараб хIужаялъул бицилин. Иргадулаб комиссиягун цадахъ лъел трубабазул хал гьабула ниж рукIадго ячIун цо саламатай ясалъ ниж ругеб рахъалдехун рехун бачIана мусоралъул пакет. Нижеца гьабураб бадибчIвай рекIее гIечIей ясалъ жаваб кьолеб буго, боцIуца квал-квал гьабунила мусоралъул ящикалде пакет рехизе. Дида ракIалде ккана тIаса берцинаб ретIелги ретIун, рекIелъ культура гьечIев чиясул кинабха культура букIинебан.

ГIемерал бакIазда руго гьанже в и д е о к а м е р а б и гьединал гIадамазе бадибчIвай гьабизе бегьуларищ?

Совет хIукуматалъул заманалда централда чIван букIунеб букIана доска. ГIадамазе лъазе гIадлу гьечIев чи вахъулев вукIана «К р о к о д и л а л д а». Г ь а н ж е г и б и л ъ л ъ а н х ъ и з а б и з е ккола гьединаб система.

Ругел гIунгутIабиги, гьарурал хIалтIабиги ричIчIана. Гьаб соналда гьединалги цогидалги гIей гьечIел рахъал тIагIинариялъе кинал тадбирал гьаризе хIисабалде росун ругел.

Жаваб. Кинаб хIалтIи гIуцIизеги гьабизеги хIисабалде босун бугониги тIоцебесеб иргаялда гьел хIалтIаби щула гьаризе ккола законалъул кьучIалда. Г ь е д и н л ъ и д а л дида ракIалда буго райадминистрациягун дандбан хIалтIи кьучIдасанго цIи гьабизе.

Ругищ рец-бакъалъе м у с т а х I и к ъ а л хIалтIухъаби?

Гьел ккола ЖКХялъул н а ч а л ь н и к а с у л заместитель Жамбулат Чупанов, кIудияв специалист М. Сакъидибиров, мастер Халид Зиккулаев.

ГIОЛИЛАЗУЛ ФОРУМ ТIОБИТIАНА

Дагьал церегIан къоязда районалда тIобитIана «Болъихъ районалъул гIолилал дандчIарал руго терроризмалде, экстремизмалде ва наркоманиялде» абураб гIолилазул форум. Гьелъул гIуцIарухъабилъун рукIана гIолилазда гьоркьоб спорталъул хIалтIи гьабиялъул рахъалъ р а й а д м и н и с т р а ц и я л ъ у л комитет ва районалъул имамзабазул совет.

Гьенив тIоцеве кIалъазе вахъарав районалъул имамзабазул советалъул п р е д с е д а т е л а с у л заместитель Расул ХIусеновас бицана нилъер республикаялда терроризм гIуцIулеб ва хIалтIулеб бугин исламалъулал лозунгазда нахъаги рахчун.

-Узухъда, районалъул имамзабазул Советалъ р а й а д м и н и с т р а ц и я г у н цадахъ рекъон гIезегIан хIалтIи гьабулеб буго,-ян абуна Р. ХIусеновас,- э к с т р е м и з м а л ъ у л г и, терроралъулги идеология районалда тIибитIизе тунгутIиялъе. Гьеб мурадалда хIаракатаб хIалтIи гьабулеб буго росабазул диниял гIуцIалабигун цадахъ рекъон. Гьединго гьес бицана гьеб ишалъулъ спорталъул бугеб кIудияб кIваралъул хIакъалъулъги.

Спорталъулал тадбираз кIудияб квербакъи гьабулеб буго,-ян абуна гьес-гIолилал гьединал квешал ва хъубал ишазде инчIого рукIиналъе, ай сахаб ва обществоялъе пайдаяб гIумруялде цIаялъе.

КIалъазе вахъарав с п о р т к о м и т е т а л ъ у л председателасул заместитель МухIамад Набиюлаевас тIолалго спортсменаздагун данделъаразда баркана. Бицана чIорбутIалъул спорталъул тарихалъул хIакъалъулъ. 19 гIасруялдаго хIалтIизабулеб букIана гьеб спорт-ян абуна гьес. Гьениб гIахьаллъи гьабурав республикаялъул вакилзабазул цояв Шамсудин Шамсуевасги тIадчIей гьабуна гIолилазе исламияб лъай кьей республикаялда жанибго гIуцIиялда ва э к с т р е м и з м а я л д а с а г у н т е р р о р и з м а л д а с а гIолилал ратIа чIеялъе профилактикияб хIалтIи гьабиялда.

Хадуб байбихьула спорталъулал хIаязде. чIорбутIаздалъун гIужда речIчIи. Къецазулъ бергьенлъи босана ва тIоцебесеб бакIалъе м у с т а х I и к ъ л ъ а н а МухIамад Сахратулаев, кIиабилеб бакI ккуна МухIамадов МухIамадица ва лъабабилеб бакI ккуна Хизриев Шамилица. Бергьенлъи босарал къецазул гIахьалчагIазе щвана медалалгун къиматал сайгъатал.

Гьумер хIадур гьабуна П. ДИБИРОВАЛЪ

КИНАЛГО РЕСАЛ-ТАРБИЯ КЬЕЯЛЪЕ

Заман арабгIан кIвар цIикIкIараблъун лъугьунеб буго гIун рачIунел гIелазе нравственниябгун рухIияб ва патриотикияб тарбия кьеялъул суал. РакIчIараб буго, гьеб суалалъулъ хасаб бакI кколеб букIиналда нилъерго бахIарчиял ва гIакъилал умумузул ва магIаруллъиялъул гIадатазулги, гIаданлъияялъулги, бахIарчилъиялъулги ва гIагараб ракьалдегун улкаялде гIорхъи гьечIеб рокьиялъулгун ритIухълъиялъул рухIалда тарбия кьеялъ. Гьеб тарбия кьей байбихьизе ккола щибаб рокъосан ва хъизамалдасан. Гьеб кIвар бугеб ишалъулъ кIудияб бутIа лъезе кIвезе буго гьанже чIахIиялин абулел гIелазда. Амма гьезие гьеб бокьизеги ва гьелъул кIвар бичIчIинеги ккола. Гьел зама-заманалдаса гIодор чIезе ккола лъималгун, лъималазул лъималгун. Гьенир гарачIвариял гьаризе ккола жиде-жидер умумузул, росабазул гIадатазул, гIаданлъиялъул, цоцал адаб-хIурмат гьабиялъул ва, узухъда, гьезул захIматалдехунги, гIагараб ракьалдехунги ва ВатIаналдехунги букIараб рокьиялъулги, гьеб цIунулаго бихьизабулеб букIараб бахIарчилъиялъулги хIакъалъулъ. Гьениб хасаб бакI ккквезе ккола нилъер умумуз, 1941-1945 соназул ВатIанияб рагъда бихьизабураб кIудияб бахIарчилъиялъулги ва гьел соназ бихьизабулеб букIараб захIматалъулаб багьадурлъиялъулги суалалъ.

Гьединаб къагIидаялда хIалтIиги гIуцIун гьанжесел гIелазулъ ВатIаналдехунги, жиде-жидер хъизамаздехун, росабаздехунги ва ракьалдехунги гIорхъи гьечIеб рокьиги, бихьинчилъиги, бахIарчилъиги бижинаби ва гьеб щулалъизаби ккола тарбия кьеялъул кьучIлъун.

Гьелдаго цадахъ хасаб кIвар кьезе ккола нилъерго умумузул нравственниябгун рухIияб бечелъилъун букIараб гIиссиназ чIахIиязул адаб-хIурмат, чIахIияз гIисиназул тIалаб-агъаз гьаби сундулъго гIаданлъи цIуни, цоцае, хасго гIагарлъиялда гьоркьоб кумек гьаби гIадал тIадегIанал гIадатазул рухIалда тарбия кьеялде. Жакъа гIадин, хадурги гьел суалал кIвар кьечIогоги пикру гьабичIогоги тани, хIатта нилъер магIарул миллаталъулал рухIиялгун нравственниял качестваби (хаслъаби) чамго сонидасан тIуранго тIагIине рукIин хIакъаб буго. Гьелъие гIайибияблъунги букIине буго чIахIияб гIел.

Нравственниябгун рухIияб тарбия щвечIел ва умумузул тарих ва рагъулалгун захIаматалъулал ишал, гьунарал, къо хIехьей тIадегIанаб гIаданлъи-гIадатлъи, гIагарлъи ва гIагараб ракь, ВатIан бокьи ва гьелъие ритIухълъи лъаларел гIелазда лъаларо гьел киналго тIадегIанал хасиятазул къимат ва гьел рукIин гIумруялъул магIнаги ва гьелъулъ букIин гIадамаздаги хIайваназдаги гьоркьоб бугеб батIалъиги.

Гьел хасиятал лъималазулъ куцазе байбихьизе ккола гьел гIиссинго рукIадго, ай кинидасанго. Гьеб гьоркьоб къотIизе бегьуларо гьезул школа, хадуб цогидаб цIали лъугIинегIанги. Гурони, кинаб лъай, кинаб махщел васазеги ясазеги щваниги, гьездасан ВатIаналъеги, гIадамазеги кинаб бугониги пайда букIунаро. ЧIухIа-чIухIарал машинабиги рекIун ва берци-берцинаб ретIелги ретIун хьвадулел гьел сверула, гIицIго жидерго напсалъулги гьелъул хIажалъабазулги гурони ургъел гьабуларел гIадамазде. Гьединазе батIалъи букIунаро жидер напсалъе лъикI бугелдаса, кинаб ракьалда ругониги, лъил ва сундухъ орденал щваниги, гьел каранда рай гуреб.

Гьединлъидал, гIелазе рухIиябгун нравственниябгун тарбия кьей жакъа лъугьун буго гIумруялъулаб ва гьелъул къисматалъулаб кIваралъул суаллъун. Гьеб суал, масъала тIубазабаиялдасан ва гьениб битIахъегояб гIахьаллъи гьабиялдасан нахъе къазе моралияб ихтияр гьечIо лъилго-тIадегIаназулги мухъилазулги. БатIаго гьелъулъ мисал бихьизабизе ахIарал руго пачалихъалъ гIезегIанго мухьалги кьун ругел захIматалъулал коллективазул киналго нухмалъулел-тIадегIанал рукIа гIодорегIанал рукIа батIалъи гьечIого.

Советияб заманалда щибаб захIматалъулаб коллектив сверун букIана тарбия кьеялъулаб коллективияб къуваталде. Живго нухмалъулевин абуни, тIадаб къагIидаялда, вукIунаан рухIиябгун нравственнияб рахъалъ жинди-жиндир коллективалъе матIулъун. ГьениббукIунаанритIухълъиги, захIматалъулабгун хьвада-чIвадиялъулаб гIадлу-низамги.

Гьелде тIадеги, киналго захIматалъулал коллективазда рухIиябгун нравственнияб ва захIматалъулаб тарбия кьеялъулаб хIалтIи гьабулеб букIана коммунист партиялъул райкомалъул ва учреждениязулгун организациябазул гIуцIалабаз ва профсоюзалъул комитетаз. Гьезул собраниябазде росулаан тарбия кьеялдагун захIматалъулаб гIадлуялда хурхарал суалал. Гьединго гьединал собраниябазда зама-заманалда гьоркьор лъолел рукIана нухмалъулезул хIалтIул хIакъалъулъ киналго рахъазулаб хIисаб кьеялги.

Жакъа гьединал къагIидаби хIалтIизарулел гьечIо. Щиб камун бугеб пачалихъалъулаблъун кколеб «Единая Россия» партиялъе гIадамазе, хасго гIун рачIунел гIелазе нравственниябгун рухIияб ва патриотикияб тарбия кьей гIадаб кIвар бугеб иш кодобе босизе!

Гьеб гуребги, районалъул бетIерасул вуго 4 заместитель. ЛъикI букIинарищ, гьезда гьоркьоса бажари бугев гIадав цоясда тIадкъазе, гIицIго тарбия кьеялъулабгун идеологияб иш. ХIатта, бегьилаан, гьев нухмалъулевлъунги тIамун идеологияб отдел гIуцIизе.

Церe, жидее тарбия щварал школазулгун культучреждениязул ва цогидалги бутIабазул захIматалъулал коллективал рукIунаан районалъул тIолалго гIадамазе, хасго гIисинал гIелазе унго-унгояб чIагояб мисаллъун. Гьезул гьединаб хIалтIуе чIаголъи ва малъа-хъвай щолеб букIана зама-заманалдаса гьел коллективазухъе щолел рукIарал районалъул нухмалъулездасанги.

Гьединлъидал лъикI букIинаан тарбия кьеялъулъ захIматалъул коллективазул ва гьезул нухмалъулезул роль (кIвар) цIи гьабиялъе тадбирал гьаруни.

Дир пикруялда, гIадамазе, хасго гIун рачIунел гIелазе рухIиябгун нравственнияб тарбия кьеялъе кIудияб квербакъи гьабизе рес буго гьанже щибаб росулъ хIалтIулел ругел 3-4 мажгидазул, хасго централиял мажгидазул. Гьениб рузман къояз гьарулел вагIзаби рухьинаризе лъикI букIинаан нравственниябгун рухIияб рахъалда. Гьелдаги патриотизмалдаги хурхарал гIемерал хIадисал ругелъул. Гьезул кьучI ва сунде гьез ахIулел ругеб бичIчIинабизе ккола вагIзачагIаз.

Росабазул чIахIиял, къадрукъимат бугел чагIаз тарбия кьеялъулал ва нилъерго умумузул бахIарчиял ишазул ва берцинал ва пайдаял гIадатазул биценалъе пайда босизе ккола годекIанир гIодор чIолеб заманалдасан.

Чи хвараб заманалда кверкьей лъолел бакIал ран руго щибаб росулъ. Гьенир кIи-кIи, лъаб-лъаб руссун мунагь гуреб, щибго пайда гьечIеб харбида рукIуна гьенир гIемерисел. Росабалъ гIезегIан руго росдал цересел гIадаталги КIудияб ВатIанияб рагъдаги захIматалъулаб фронталдаги цебехъанлъи бихьизабурал росуцоял лъалел кIудиял чагIи. Гьениб гьединазжасан тарбия кьеялъулаб пайда боси букIинабиялъе тадбирал гьаризе бегьула росабазул бутIрузги дибирзабазги. Нагагь, гьеб лъикI бихьичIони, къулгьу-алхIам цIалулелгIаги рукIине ккела. Гьелъги квербакъила инсан лъикIаб рахъалдехун вачине…

Гьедин, рухIиябгун нравственнияб тарбия кьеялъе киналго ресал ва рахъал хIалтIизаруни хIасил лъикIаб букIинесеб хIакъаб буго.

М. ГIАЛИЕВ,
Районалъул ветераназул советалъул президиумалъул член.

ОБЪЯВЛЕНИЕ

о проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет «Хелетуринский»

Собрание депутатов сельского поселения «сельсовет «Хелетуринский» объявляет конкурс на замещение должности главы сельского поселения «сельсовет «Хелетуринский».

Организация и проведение конкурса осуществляется конкурсной комиссией.

На основании решения Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет «Хелетуринский» от 10.04.2016 года №02, конкурс на должность главы сельского поселения «сельсовет «Хелетуринский» состоится 18 мая 2016 года в 10 час. 00 минут по адресу: Республика Дагестан, Ботлихский район, с. Ботлих, здание администрации МР «Ботлихский район», кабинет первого заместителя главы АМР «Ботлихский район» Магомедова А.И.

Место и время представления документов, необходимых для участия в конкурсе, ознакомления кандидатов с нормативными документами и получения бланков документов установленного образца: 368970, Республика Дагестан, Ботлихский район, с. Ботлих, здание администрации МР «Ботлихский район», кабинет руководителя аппарата Собрания депутатов МР «Ботлихский район» Газиева А.Н., в рабочие дни с 08 ч. 00 м. до 17 ч. 00 м., перерыв на обед с 12.00 ч. до 13.00 ч.

В субботу и воскресенье прием документов не осуществляется.

Срок представления документов устанавливается с 18 апреля 2016 года по 11 мая 2016 года включительно.

Информацию о конкурсе можно получить по телефонам: 887 271 2 20 45; 8 906 449 20 45

Условия проведения конкурса, процедура проведения конкурса и приложения из Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения

Условия проведения конкурса

1 Право на участие в конкурсе имеют граждане Российской Федерации, достигшие возраста 18 лет.

Граждане Российской Федерации, имеющие гражданство иностранного государства либо вид на жительство или иной документ, подтверждающий право на постоянное проживание гражданина Российской Федерации на территории иностранного государства, вправе участвовать в конкурсе, если это предусмотрено международным договором Российской Федерации.

Иностранные граждане, постоянно проживающие на территории сельского поселения (далее – сельское поселение), имеют право участвовать в конкурсе на тех же условиях, что и граждане Российской Федерации, если это предусмотрено международным договором Российской Федерации.

2. Гражданин, изъявивший желание участвовать в конкурсе, представляет в конкурсную комиссию следующие документы:

1) личное заявление на участие в конкурсе с обязательством в случае избрания прекратить деятельность, несовместимую со статусом главы сельского поселения по форме согласно приложению 1к настоящему Положению.

